
6

# तरकारीक खेत





रूमी आ शमी खेतसँ तरकारी निकालबामे एक-दोसराक मदति करैत छल। दुनू एकटा डलिया लेलक आ तरकारी तोड़लक। देखै छी जे ओ दुनू कतेक तरकारी निकाललक?



रूमीक डलिया -　　　　शमीक डलिया-　　　　दुनूक ल'ग अछि-


क. 7 टा टमाटर आ 5 टा टमाटर मिलाकए 12 टा टमाटर होइत छैक।

7 + 5 = ______



ख. एक टोकरी में 9 टा गाजर आ दोसर टोकरीमे 4 टा गाजर अछि।

9 + 4 = ______



ग. एक टोकरीमे 8 टा मुरइ आ दोसर टोकरीमे 8 टा मुरइ अछि।

8 + 8 = ______

## परियोजना कार्य

अपन घ'र, स्कूल वा ल'ग-पासमे कोनो तरकारीक गाछ रोपू।अपन परिवारक संग अपन अनुभव साझा करू आ पौधक देखरेख करू।अहाँ बढैत अंकुर वा पौधक चित्र बना सकैत छी वा खींचि सकैत छी।



© NCERT not to be republished

## चलू, हम सभ खेलैत छी









© NCERT not to be republished

## अहाँ ई अंक सभकेँ लड़ी पर कोना जोड़ैत छियै,से देखाउ-


13 + 4 =





14 + 5 =



6 + 8 =



5 + 7 =



## कूदू आ योग ज्ञात करू।

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|

8 + 5 = 13 | 5 + 3 = 8

13 + 3 = ____ | ____ + ____ = 13

2 + 16 = ____ | ____ + ____ = 10

4 + 12 = ____ | ____ + ____ = 18

## अपन तरीकासँ जोड़ू.

क. सपना ल'ग 12 टा रंगीन पेंसिल  छै आ गौरी ल'ग 6 टा रंगीन पेंसिल  छै। कुल मिलाकए दुनू ल'ग कतेक रंगीन पेंसिल छै?

सपना पहिने बारह गनलक आ फेर आओर छौ।
उत्तर भेटलै 18

12 + 6 = 18




जोड़ करबाक प्रक्रिया पर चर्चा करू। बच्चा कोना 12 तक गिनैत अछि आ फेर ओहिमे 4 कोना जोड़ैत अछि? बच्चाक जोड़ करबाक तरीका पर चर्चा करू।

© NCERT not to be republished

गौरी एहि तरहेँ जोड़ कएलक-

$$12 \quad + 6$$
$$10 + \underbrace{2 + 6}$$
$$10 + \quad 8 = 18$$




की अहाँ एकरा अलग ढंगसँ कए सकैत छी?
कोशिश करू आ अपन शिक्षक संग चर्चा करू

ख. अमन ल'ग 8 टा लड्डू छै आ चरणजीत 6 टा लड्डू अनने अछि। कुल मिलाकए दुनू ल'ग कतेक लड्डू छै? ☐



ग. शीना ल'ग 12 टा चूड़ी छै आ ओकरा अपन बहिनसँ 6 टा आओर भेटलै। कुल मिलाकए ओकरा ल'ग कतेक चूड़ी छै? ☐






## आउ हम करैत छी।

अहाँ पिकनिक लेल की आनए चाहै छी ? अपन मित्र संग चर्चा करू। ओहि सभ चीज़क चित्र बनाउ जे अहाँ पिकनिक पर लए जाए चाहैत छी? देल गेल स्थान पर खाइ-पियै बला वस्तुक कुल संख्या लिखू।





© NCERT not to be republished

## घटाव

किछु आओर अंकक घटाव करू।




15 – 9 = 6

| | | | |
|---|---|---|---|
| क. |  16 – 4 = ☐ | ङ. |  12 – 5 = ☐ |
| ख. |  14 – 7 = ☐ | च. |  16 – 6 = ☐ |
| ग. |  15 – 5 = ☐ | च. | 15 – 0 = ☐ |
| घ. | 17 – 9 = ☐ | च. | 13 – 3 = ☐ |

© NCERT not to be republished

## उछल-कूद

अंजलि आ रेणु उछल-कूद बला खेल खेलि रहल छथि।






## आउ करै छी

एकटा संख्याक पट्टी बनाउ आ विभिन्न तरीकाक पता लगाउ जाहिसँ अहाँ एकहि स्थान पर पहुंचि सकैत छी।

### जोड़ू, घटाउ आ मिलान करू

| | | |
|---|---|---|
| 8 + 7 | 12 | 15 – 3 |
| 9 + 9 | 15 | 18 – 1 |
| 10 + 2 | 14 | 17 – 2 |
| 16 + 1 | 17 | 18 – 0 |
| 11 + 3 | 18 | 16 – 2 |

एहिसँ मिलैत- जुलैत प्रश्न बनाउ आ बच्चासभकैं प्रश्न हल करबा लेल अपन तरीकाक उपयोग करए दियौ।



© NCERT not to be republished

## समस्यात्मक कहानी

**अपन उत्तर खाली बक्सामे लिखू।**

क. एकटा कुम्हार ल’ग 9 टा दीप छलै। ओ 5 टा दीप बेचि लेलक। तकर बाद ओ 7 टा आओर दीप बनौलक।आब ओकरा ल’ग कतेक दीप छै?



ख. पहिल स्टॉप पर 6 टा बच्चा बसमे बैसैत अछि।दोसर स्टॉप पर 8 टा आओर बच्चा बसमे चढ़ैत अछि। तेसर बस स्टॉप पर 7 टा बच्चा उतरैत अछि। तेसर स्टॉप पर बसमे कतेक बच्चा अछि?




ग. एकटा बसमे 18 टा सीट अछि। जँ बसमे पहिने सँ 9 टा बच्चा बैसल अछि त’ आओर कतेक बच्चा बसक भीतर बैसि सकैत अछि?

घ. कुलजीतकेँ ओकर डिब्बामे 14 टा टॉफी भेटलै। ओ अपन दोस्त सभहक संग किछु टॉफी बाँटलक।ओकरा ल’ग 6 टा टॉफी बचलै।ओ अपन दोस्त सभमे कतेक टॉफी बाँटलक?

ङ. रमनकेँ 12 टा केरा भेटलै आ ओ ओहिमेसँ किछु केरा खेलक।ओकरा ल’ग 5 टा केरा बांचल छै ।ओ कतेक केरा खेलक?

© NCERT not to be republished